

LAMPIRAN 1 : NALARAN RUMAHAN VERSI PANJANG, AS.

Punika Diastur Wa Kala Mur

Awignam astu namas idem.

Kala awang-awang ana bumi, langit, nanging Sang Hjang Wisesa ingkang kotjap sarta djumeneng samadhi satengahing djagad.

Sang Hjang Wisesa mireng swara kedi genta, sarta anor-tigan, ga-mantung neng awang-awang, sinangga ngesta pinusti dadi telung prakara, saprakara dadi bumi langit, rong prakarane dadi tedja lan tjahja, katigane Manik Maja. Mangka Manik dadi papat. Mangka papat iku ming Batara Guru uger-ugere, kang pinangka gegentine Sang Hjang Wisesa, winenang andadekake isining bumi, sarta winesik saliring wewadi.

Mangka sasirname (samuksane) Sang Hjang wisesa, Batara Guru akarya tetimbangan garwa wasta Dewi Uma, nunten ajoga para dewe 30 lan sarta sadjodone. Nunten bumi pisah lan akasa. Hjang Pramesti nunten amatah dewa nawasanga amrih djedjeging bumi, sarta gunung Djamurdipa wus warata. Nunten Batara Guru ajasa kangjangan lan kang wargan, lan saisine. Mangka Sang Hjang Pramesti anjatakeken djening lanang lan wadon, lan garwa Dewi Uma, rasta kerut tan katadagan, mila wonten Batara kala Hjang Pramesti adeduka mring garwa Dewi Uma, mila wonten Batari Durga djodo lan kala. Nunten Sang Hjang Guru anitanaken redjaki ing Martjapada Mendang Agung. Mila Batara Kala minggaan mring Suralaya saputra garwa balane.

Iki Sampurnaning Pudja

Mong pra joganira Sang Hjang, Aksara lawan Pratiwi; midjil joganira Sang Hjang, agilang-gilang ing siti; binuwang aneng samodra, ku manhangalembak-lembak; ana daging dudu daging, ana getih dudu getih; murub angerab-arab; anekakaken prabawa, ketug lindu lan pranara; lesus agung aliweran, geter-pater tanpatara; murub ingkang

Kala kora, ganesang aneng Triloka; nguniweh Batara Gura, Awignam
 astu na purnasa sidi, Hong na muna maswahan.

Iki Sentipurwa

Hong Ilanang dinuk aku, purwanire ring pustaka. Ginutuk ing Padma
 tjakra, ja ta pinangka sirahmu. Ginutuk ing Kuramejan, ja ta kang
 dadi rambutmu. Ginutuk sireng Panelan, ja ta pinangka batukmu.
 Ginutuk ing Rengaswastira, ja ta kang dadi alismu. Ginutuk ing Reng
 awastra, ja ta kang dadi idepmu, Ginutuk ing Surjekanta, ja ta
 kang dadi netramu. Ginutuk sireng ing Kilet, ja ta pinangka kedep
 mu. Ginutuk sireng Manila, ja ta kang dadi kupingmu. Ginutuk si -
 reng komeka, ja ta kang dadi pipimu. Ginutuk sireng Penojan, ja
 ta pinangka pasumu. Ginutuk ing Rindangwastira, ja ta pinangka i -
 rungmu. Ginutuk ing Langkapwastira, ja tak kang dadi tutukmu. Ginu
 tuk ing Redjakwastira, ja ta kang dadi untumu. Ginutuk ing Wadjali
 dah, ja ta kang dadi ilatmu. Ginutuk sireng Penewan, ja ta pinang
 ka telakmu. Ginutuk ing Wadjasumeh, ja ta pinangka djanggutmu.
 Ginutuk Sidang penawan, ja ta pinangka uwangmu. Ginutuk ing Wesi
 panggak, ja ta kang dadi gulumu. Ginutuk Wesigulmara, ja ta kang
 dadi baumu. Ginutuk sireng Tjandrassa, ja ta pinangkatanganmu, Gi
 nutuk ing Palembangan, ja ta pinangka salangmu. Ginutuk ing Ambal
 wastira, ja ta pinangka dadamu. Ginutuk Sarwasendjata, ja ta kang
 dadi igamu. Ginutuk sireng Padupan, ja ta pinangka atimu, Ginutuk
 sireng Genitri, ja ta kang dadi amperumu. Ginutuk ing Sandiwidi ,
 ja ta kang dadi djantungmu. Ginutuk Segarampenan, ja ta pinangka
 wetengmu. Ginutuk sireng Lulita, ja ta pinangka usasmu. Ginutuk -
 ing Kantjangwastira, ja ta pinangka ototmu. Ginutuk ing Wadjasari,
 ja ta pinangka balungmu.
 Ginutuk Pantjuranratjah, ja ta pinangka dakarmu. Ginutuk ing Baka
 wastira, ja ta pinangka wangkongmu. Ginutuk sireng Deksana, ja ta
 kang dadi pupumu. Ginutuk ing Bindiwastira, ja ta pinangka garesmu.
 Ginutuk ing wadjakiwal, ja ta kang dadi sikilmu. Ginutuk ing Gu
 nung wadja, ja ta pinangka awakmu. Ginutuk ing Corowastira, ingkang
 pinangka gedemu. Ginutuk ing Brasawastira, ja ta pinangka nepsumu.
 Kumedjot molah ambekan, angdeg-kagiri-giri; awakmu wajan anuger ,

esalit adjata gimbal; angerik anguwuh-uwuh, sira mulat amangetan; sakjehning para djawata, kagegeren dening sira, awedi ndeleng rupamu, arammu si Kama Salah. Awignam astu na purnama sidi. Hong na muna maswahan.

Iki Aksara ing batuk

Nga	Ta	Be	Ga	Ma
Nya	Ja	Dja	Da	Pa
La	Wa	Sa	Ta	Da
Ka	Ra	Tja	Na	Ha

Iki Aksara ing telak

Sang Kala Lumerang, sangkaning lara, Wisnu kena ing lara, lungguh ing otot lan ing ngamperu, kang alara mulja, mulja dening Batara Guru, Guru kena ing lara, lungguh ing tutuk, turune lunumah, lan sranduning awak, kang alara mulja, mulja dening Sang Hjang Wenang Sang Hjang Wenang tan kena ing lara, maring Sang Hjang Tunggal, kumpul panunggaling rasa, rasa tunggal lan djati, djati tunggal lan rasa, rasa djati mulja, mulja saking ingkang Wisesa.

Hong Awignam astu namas idem.

Iki Sastra kang ana dada

(aran): Sastra Pinedati.

Hong Ilaheng, saweddana Durga Kala; saweddana Kretidara, tumurun aku ring madya; awor ring dewata mudja, adji Sang Ata-ati; Amara-djata adjiku, Amaradja ta wuwusku; Amaradja Djaramaja, Amarni Rinumaja; Jasiraja Parasija, Amidoso Sadumedja; Amidoro Rodomeja, Jami dosa Sadumeja, Jasijaja Palasija, Jasirapa Rahasija, Jasijapa Parasija, Amidoso Sadumeja, Nawanggana Nawanggeni, si Kutara si Kulari; si Brenggala si Brenggali, si Bitapa si Betapi, si Binta si Bintaki si Durbala si Durbali, si Rumaja si Rumaji, si Udaja si Udaji; si Srimaja Gedahmaja, si Dajudi si Dajude; Adijoda Anijoda, Andajudi Niudeja, Hong na muna maswahan.

Iki Sastra trusing gigir

Hong joganira, Sang Hjang Pratiwi midjil; kumala Batari Uma, midjil saking limu-limu; ingusap sariranira, midjil ta Sang Hjang - Kusika; midjil tang Batara Gagra, saking balung kamulanya; ana - kang Batara Metri, saking otot kamulannya, midjil Sang Hjang Pri- tandjaja, saking sungsum mulanira.

Kinen agawe loksa, Kusika mila alumeh; tinut denira Sang Gagra , Hjang Gagra milu alumeh; tinuti Sang Hjang Kurusa, Kurusa milu a- lumeh; tinut dene Sang Hjang Metri, Hjang Metri milu alumeh Teher midjil tang wikalpa, neher ingapat-ipatan; Kusika mesat mangetan, atemahan dadi emong; Hjang Gagra mesat mangidul, atemahan dadi sarpa; Kurasa mesat mangulon, atemahan dadi buta; Hjang Metri me- sat mengalor, atemahan dadi dengen. Kuneng Sang Hjang Pritadjala, ingkang kinen gawe loka; angendjali ring Batara kang riwe arerewa jan; dinilat arasa asin, atemahan dadi ujah, Kuneng tang Batari Uma, sinangsajeng Djagadnata; atemah papa tjintraka, tjinandak su ku sinungsang; andjerit angrik anguwuh, asalit adjata gimbal; ngu niweh Batari Durga.

Hong na muna maswahah.

Iki Santikukus

Hong, Purwa janti jogja janti, kaget Hjang Mandalagiri, sinurak - para djawata, amidjilaken kasekten; ana banju teka wetan, aputih mili mangulon; angileni Batari Sri, guru warda wardi dadi.

Hong, Purwa janti jogja janti, kaget Hjang Mandalagiri; Sinuruk para djawata, amidjilaken kasekten; ana banju teka kidul, abang amili mangalor; angileni Batari Sri. Guru warda wardi dadi.

Hong, Purwa janti jogja janti, kaget Hjang Mandalagiri; sinurak - para djawata, amidilaken kasekten, ana banju teka kulon, kuning amili mangetan; angeleni Batari Sri, Guru warda wardi dadi.

Hong, Purwa janti jogja janti, kaget, kaget hjang Mandagiri; sinu ruk para djawata, amidjilaken kasekten; ana banju teka elor, ireng amili mangidul; angileni Batari Sri, guru warda wardi dadi.

Hong na muna maswahah.

Iki Balasrewu

Hong, Ilaheng pinangka ranku, ija Sang Hjang Tjandusekti; ija - Sang Ila-ila, santi guna ila warna; Sang Hjang Aju palungguhku , Sang Hjang Taja pangadegku;; naga radja ing dadaku, naga milet - ing guluku guwa rungsit ing tjangkemku, geter-pater panabdaku, gelap ngampar suwaraku, iduku tawa sakalir; netraku sang surya kembar, kilat barung ing tjahjaku; Durga Durgi ngiring aku, Sang Kala rumekseng aku; buta kabeh ring omahku kaomahan dengan kabeh ; kang sun-deleng pada lengleng, sing tak pandeng teka bengeng. Hong na muna maswahah.

Iki Banyak-dalang

Hong, Pasang tabe, sun angidung, kidungku si Banyak-dalang, ngen di nggonira alinggih, Radja Sang Kumintir-kitir, amreteng sira praknyana, agupita nara wangsa, gendere pinatut barang, ulung - kenjaring prasada, sira kaki atanggija, angadega wrigin sungsang ameranga ampel gading, tugelen gawenen sanggar, sanggar-sanggar pangruwatan, pangruwatan udjar ala, angruwat sara supata, sapata ning sanak tuwa, angruwatan supataning wong atuwa, angruwata sanguning mala tjintraka, angruwata lara raga, lara gung lara wigena, gelah telutuh ilangah, katuta ing barat lesus, lebur adjur muksa ilang, ilang saking tan ana,

Hong na muna maswahah.

Hong, Latak rowang marang sendang, sendang si Mandala, mandalane wong mengari, anake Ki Ulangkembang, kudu osik bisa ngadji, duku he Ki Empu ana, bale anjar tanpa galar, ana ta kang sumur bendung, timba kepala, tetali ususing maling, siwur burut tanpa kantjing, garane winado-adji, sulur kamudi waringin, benjune ludira mun - tjar, iline mili mangetan, ala-ele katuta ing banju mele, lebur adjur musna ilang.

Hong, Latak rowang, ana djaka amet kembang, amemenek angutapel - den kebaki djedjompunge anon si perawan liwat, dinulu rupane aju, perawan angaku rara, lah ta mara ring rerawan, anonton kintel muni, tingtjeremplang ting tjeremplung, agiro kang kodok wijo, ting

kahe arangkal-rangkal, sedyane arep mauta, anuata lara roga, lara gung lara wigena, tetangga jen angrungokna, wong angidung Banyak dalang saben dina tanpa dadar, jen ana perawan tuwa, utawa djedje ka tuwa, dumadaken gelis krama, jen ana wong gring kedadak, dumadakan gelis mulya, jen ana kang nedja, amundur tanpa karana, sampurna ing Banyak-dalang, kang ngidung temah sampurna.

Hong, Latak rowang mring bengawan, anonton larung keli, larunge - si Banyak-dalang, loro sanake den larung, ing bendjang ing Djamur dipa, akuta ing Kurajana, ana manuk tjutjuk wadja, anutjuka larung keli, iberna gawanen lunga, Awignam astu na purnama sidi. Hong nu muna maswahah.

Iki Padusaning Kala

Tanjung adus ing banju ning, banju midjil ing talaga manik, Uma kang ngedusi, Durga kang ngosoki, Wisnu kang angentas.

Iki Wisikaning Kala

Kala den eling sira, sira muliha maring Djati-sorangan;
asalira teka ngora, sira muliha menjang ngora;
asalira teka ing djati, ija muliha maring djati;
Ingsun Sadjatining Wisesa.

Iki Kudanganing Kala

Hong, Anake Bi Kuramejan, agede asesedepah, Bang bang bus, pastika maja-maja, ana maja-maja katon, kang anonton milu katon kang tinonton ora katon.

Bjang-bjang bjos, golong-golong gumelompong, gulung-gulung gume - lumpung.

Hong na muna maswahah.

Lampiran 2 : MANTRAM RUWATAN VERSI MANGKUNEGARAN

Sonteng Paruwatan

1. Ong, prayoganira, sabuwana sariraku, randhu kepuh pengadegka, rambutku Si karamean, raiku lemah paesan, matak socaning manik, kupingku lenging panglengan, irungku lenging angin, cangkemku guwaning wong-wang, lambeku si sara sakti, untuku siwatu rijang, ilatku si lemah moleh, uangku siwatu suwung, guluku lemah dhedhetan, bauku lemah naramung, ula-ulaku lemah-lemah gigiring sapi, cangklakaku lemah lampitan, dhadhaku si-langka-lungka, susuku si-gunung kembar, wetengku si lemah mendhak, bokongku si-pucung tugel silitku si-lenging landhak, kontholku si-waja kalothokan, paturonku lemah bladheran, uyuhku toya pancuran, wentisku lemah bajangan, dlamakanku lemah seta, tindakku lindhu pranara, geter pater prabawaku, awedi kang buta kabeh.
2. Ong, wilaheng, yamas tuna, yama sindhem, sayekti guna nila warna wiku padma curiga, talale pambebegan, bebegku kulitku liman, sabukku kuliting sima, sipating angga netra catur buja kala, yanipinageran rajeg wesi, pinayungan kala-cakra, omahku sela tumpukan, butadengen kang rumeksa, ya reksanen kayu madiyu, ambengku sagarata tata, isi banju sadimaya, panyiraman sundhedha upata, kalawan mala trimala, siniramsadimaya.

Ong, Wilaheng, yamastuna, yama sindhem, Ong, prayoganira, Sang Hywang wara-simbar pangadegku, sirahku redi gupala, rambutku Sang Kuramean, kupingku Sang Palempangan, matakusotyoning manuk lenging abgen irung ing wang, guwane wong-wang cangkem mani, untuku si parung rejeng, lambeku ya sekti, janggutku watu sumong, guluku lemah madedeg, salangku sang Darmaraja, pundhakku lemah neraju, cangklakanku lemah lempitan, loka-loka ing dhadhaku, gunung-kembar susuku, wetengku Sang lemah mendhak, puserku tengahing kagad, ula-ulaku gigiring sapi, wengkongku si pupus tunggal, silitku sang lenging landhak, pipiku lemah bacangan ahengkulku siparon

wesi, sikutku ya pungkule, wesi, epek-epekku cakra, drijiku supit kekalih, jempolku sinigupuan, kempolku tugu wesesa, dlamakanku - sang Setra, tindakku lindhu prakempa, panindakku kedigeter pater, ya wedi sakehing ama durga padha wedi, kawur dewa kang muja aneng dewata, unta-unti tumurun saking Sawarga, nurasi aji prabawa, kang aran si Raja-tawa, ya maraja, jara maya, ya marani, nira maya ya-siwaka, maya siya, si taya, paya, yani ami dosa, ya daya, yudaya-ni.

- A. Aksara ing bathuk punika carakan balik sapisan, nga, tha, ha, ga, ma, nya, ya, ja, dha, pa, la, wa, sa, ta, da, ka, ra, ca, na, ha;
- B. Aksara ing telak punika: Ca, ra, ka, balik kaping kalih, ha, - ma, pa, ma, na, ta, dha, ga,; ca, sa, ja,; ra, wa, tha, ka, la, nya, tha.
- C. Aksara ing dha-dha, sastra bedhati, terangipun:
 Ong, Wila-heng, minangka aranku, sekti kuda nila warna Sang - Hywang Teka palungguhku, awakku Sang Ula Naga, Naga-Raja/sari-ra-ku, gadhingku sarwa curiga, cangkemku mas saut untuku manik, Siungku Hywang Paksanaga, lidhahku Hywang Saras sakti, Prajapat ti pamiwisku, arupa wil amanca warna, Sang Hywang Siwah anggon anggonku, ula minangka kecapku, Durga-Durgi ngiringaku, netra-ku Sang Surya-Candra, awedi durta durjana, tumingal sariraku, japa-mantra kasektenku, Hyang manik prakosaku, tema minangka - dedegku, kilat minangka kedhepku, kuwung-kuwung lelathiku, kro dhaku galudhung gelap, galedheg pra-lesus, teluh udan braja, angagem dhendha trisula, kalawan gada anggonku ngilangi mung - suh sawiji tan ana keru, geger kabeh kang Jawata, aku Sang Bu-ta rereka, aku si Kalabas ki, ya aku Sang Tunjung putih, ang - sangku Sang Tundhung mungsuh, aku Sang Hywang Ila-nila, aku wong kreta-cara, aku Sang Hywang Tunjung - seta, aku surak tan pa mungsuh aku tengaraning angin, malesus ageng liweran, praha ra kalawan tahur, saka mala trimala aranira sah uyan.
- D. Aksara ing gigir; Panca wali muka, terangipun:
 Ung, prayoganira, Sang Hywang Kama-salah, dadi daging sak kema

lo Kadya grah pasthika maya, amurub mangalat-alat ange da-
laken prabawa ketuk kadi lindhu prahara, yen lumaku tanpa su-
ku, lembenku tanpa tangan, aningali tanpa netre, ambegan tan-
pa grana, calathu tanpa lidhah, angen-angen tanpa driya, aneng
setra pinandhatan.

Paruwatan Kumbala geni

1. Ong, Wilaheng, prayoganira, Sang Hywang Geni saka wetan putih ru-
pane geni, anglebur lara raga, lara geng, lara wigena, tuju te-
lah traknyana, budhug edan sampar buyan, lebur ing geni kang sa-
ka wetan.

Ong, Wilaheng, ana geni saka kidul abang rupane geni, apa karya-
ne geni, anglebur lara raga, lara geng lara wigena, tuju telah
traknyana, budhug edan sampar buyan, lebur ing geni kang saka
wetan.

Ong, Wilaheng, ana geni saka kidul, abang rupane geni, apa karya-
ne geni, anglebur lara raga, lara geng lara wigena, tuju telah -
traknyana, budhug edan sampar buyan, lebur ing geni kang saka
kidul.

Ong, Wilaheng, ana geni saka kilen, jane rupane geni, apa karya-
ne geni, anglebur lara raga, lara geng lara wigena, tuju telah
traknyana, budhug edan sampar buyan, lebur ing geni kang saka ke-
len.

Ong, Wilaheng, ana geni saka lor, cemeng rupane geni, apa karya-
ne geni, anglebur lara raga, lara geng lara wigena, tuju teluh -
traknyana, budhug edan sampar buyan, lebur ing geni saka lor.

Ong, Wilaheng, ana geni saka tengah, lelima rupane geni, apa kar-
yane geni, anglebur lara raga, lara geng lara wigena, sakehing -
trimala, budhug edan sampar buyan, wus lebur dening lelima, kang
murub ana ing tengah.

2. Ong, Awigna, ya mastuna, ya ma sidhem, ong prayoganira, Sang -
Hywang ana geni saka wetan, putih rupane geni, genine Sang Maha-
dewa, papak karyane geni, anglebur dendha upata, lawan mala tri-

mala, lara geng lara wigena, gambar telah taraknyana watuk gigil, lan panastia, budhug busung, ayan edan, lebur ilang dadi awuda ning geni saka wetan.

Ong Wilaheng, prayoganira, Sang Hywang ana geni saka kidul, abang rupane geni, genine Sang Batara Brahma, papak karyane geni, ang lenur dhendha upata, lan mala trimala, lara geng lara wigena, gambar telah taraknyana, budhug busung, ayan, eda, watuk gigilan panastis, lebur dadi awu, musna ilang dening geni saka kidul.

Ong, Wilaheng, prayoganira, ana geni saka kulon, kuning rupane geni, genine Sang Kumajaya, papak karyane geni, anglebur dhendha upata kalawan mala trimala, lara geng lara wiguna, gambar telah taraknyana, budhug, busung, ayan, eda, watuk gigil dan panastis, lebur dadi awu, ilang dening geni saka kulon.

Ong, Wilaheng, prayoganira, ana geni saka lor, ireng rupane geni, genine Btara Wisnu, papak karyane geni, anglebur dhendha upata, kalawan mala trimala, lara geng lara wiguna gambar telah taraknyana, budhug busung, ayan, edan, watuk gigil lan panastis, lebur dadi awu, musna ilang dening geni saka lor.

Ong, Wilaheng, prayoganira, Sang Hywang ana geni saka tengah, wolulumanca warna rupane geni, genine Sang Hywang Batara Guru, papak karyane geni, ambaleding sakehing lara, lara geng lara wiguna, gambar telah taraknyana, budhug busung, ayan, eda, watuk gigil lan panastis, lebur dadi awu musna ilang dening geni saka tengah.

Padusan Kala

Tunjung adus ling banyu bening, banyu mili talaga manik, Uma kang ngedusi, Durga kang ngosoki, Wisnu kang angentas, Kala kang eling sira muliha marang jatisowangan, ya sira saka ora, ya muliha marang ora, ya sarira teka jati, ya muliha marang jati.

Kudangan Kala

Ong, anake kirawean, agedhe asedhepah, abagus apasthi Kamaya, ana maya katon, kang nonton melu katon, kang tinonton ora katon,

byang, byos, golong-golong gumalompong, gulung-gulung gumalung -
gung.

Hong manu-mana, manumaswah, ah.

Paruwatan Banyak-dalang

Ajiku si banyak dalang, ong, Sang Raja kitir-kitir, ngendi goni-
ra linggih, den barung lan rorongke, ki mangore lunga ngidul, ang
gelaser sarwa sepi, samun dhuk he Ki Ulung kembang, bale anyar -
kang genelar, isine sumur bandhung, toyane ludira muncar, timba-
ne kepala tugel, tetali usussing maling, siwure minadu aji, asri
dinulu solahé, kaya anauta-anuta, anauta lara raga, lara geng la
ra trimala, sampurnakna kidungku si banyak-dalang.

Ong, Sang Raja kitir-kitir, anakku ki banyak-dalang paksa arep -
mamantua. kudu sing bisa ngaji, dhukuhe ki Ulung kembang, bale
anyar kang ginelar, isine sumur bandhung, toyane ludira muncar,
timbane kepala tugel, tetali ususing maling, sluring wuni wari -
ngin, landhean kayu palan, ianing ngukir winadu aji, asri dinalu
tingkahe, kaya anauta-anauta, ana ta lara rogo, lara geng lara
wigena, saliré lara trimala, sakehing dhendha upata, upataning -
wong atuwa, bapa lawan sanak tuwa, ana jaka amek kembang, angu -
thapel kebak jajam pongira, kedanan sekar nilahi, ana parawan le
wat dinulu rupane ayu bok purawan ngak rara, lah ta mara nini pa
rawan, anontoni kintel muni ting caremplung, anggero kodhok uni-
ne, solahé karengkel-rengkel, sedyane kaya anuta, ana ta lara
raga, lara geng lara wigena, saliring lara trimala, sakehing dhen
dha upata, upatane mara tuwa, upatane bapa lan sanak tuwa, sam -
purnakna si banyak dhalang, tetangga yen krungu kidungku si ba -
nyak dalang, saben dina pari jabar, saben yen ana gering kadadak
ngelu puyeng kena wisa, muntah-muntah lara weteng ngising getih,
beratna kidungku si banyak dalang, yen ana perawan tuwa kalawan
jaka tuwa, yen krungu kidungku si banyak dalang, kadadak agelis
krama, kang ngidung ilang dosanya, sabab manjar, kang ilang tan
ketemu malih anuli binuwang marang bengawan. Anontona larung ke-
li, pepit sareng dinulang, larunge ki banyak dalang, jejul ki

Jrambang, gedhe cucuke wesi, nora nucuk-nucuk batang, anucuki lara raga, lara geng lara wiguna, tuju teluh taraknyana, saliring - lara trimala, sampurnakna ki banyak dalang.

Ong, Wilaheng, ya mas tuna, ya ma sindhem, ong prayoganira aji si banyak-dalang, Sang Raja kitir-kitir, dinulu lawan bature lunga - ngetan, lakune angidul, nalasak wana harga, samun sepi dhukuh ki pulung kembang, byar klekar, ginelaran isi sumur bandhung, toyane wening dinulu, tibane endhase maling siwure kapala parus, linan dhesan kayu teja, asri dinulu, ji jaka kang menehi kembang, menek ngethapel ing wit kebak jajapongira, kembang nelahi. Ana prawan liwat ngaku prawan sunthi marani si kodhok muni, unine kinteling calempyangting calempyung, solahé kodhok kaya anauta, anyaut lara wiguna kalawan mala trimala, lara geng lara wiguna, kalawan dhendha upata, upatane wong tuwa, upatane sadulur tuwa, upatane awake dewe, buja kala datan pinanggih, binuwang dhateng kali gedhe, katuta ilining banyu, nala ele katuta barat gedhe, anututi larunge si banyak dalang, parabe si-jalamprang, ana garudha cucuk wesi, lare pedhang, kalawan gada, netrane kumala, kulit tembaga - sari, daginge kancane mulya, otote Sang Cengkleng Maya, balunge - sasaka mulya, sungsume gegala, sikile ya cakra, aja sire nucuk batang, nucuka dhendha upata, upatane sadulur tuwa, kalawan mala trimala, lara geng lara wiguna, gambar teluh tarkanya, budhug busung ayan edan, ana maling sakti sejati, seja tanpa kira-kira, ki dungku si banyak dalang tanpa seja angalanana, dumadakan dadi asih.

Paruwatan Panggung

Ong, Wilaheng, mastuna masidhem, ong, wilaheng, prayoganira Sang Hywang Saligi, Ki Damarjati, kelire Sang Tinju Maya, palunture - Sang palimunan, Sang Kuwera kupingira, wara cik Sang Retna, kadhu pak songga Buwana, deboge Sang Nagaraja, blenconge Sang Bethara - Surya, urube Sang Bathara Brahma, cengkoke Sang Bathara Gana, awu ne Bathara Sambu, arange Bathara Wisnu, kukuse Bathara Siwah, kang ningali kewala nenggih Sang Gurunase, dene para Dewa angetokken - murwakala.

Paruwatan Dhalang

Pale ara yen lumaku tanpa suku, lembehan tanpa tangan, ningali - tanpa netra, ambegan tanpa grana, calatih tanpa lidhah, angen- a- ngen tanpa driya, aneng setra pinandhatan.

Ong, prayoganira, Sang Hywang ana sajatizing wang, kang aran Pan- ji Kumala, pinutaraken ing angga, kang aran Mandhala Giri, jeju - luk Sang Hywang Ngamarta, wis ruwat samengko padha ilang.

Padusan Dhalang Sampurnajati

Driyan dasa gunem gra minasa, tarni na yem ping septa nining wah- yu, hong, neptu waluyo, waluya temahan jati, jati temahan waluya , hong, bestu waluya.

Lajeng angedus bayi.

Padusan Bayi

Bogemira prasini, jiwanggana, putrayana, pra kasira wah, pra kasi pa, boga paripurna, hong bastu waluya, waluya temuhan jati, jati temahan waluya, ong bastu waluya.


Rampung sadayanipun.

Lampiran 3 : D A F T A R I N F O R M A N

1. N a m a : Narya Carita
 Jenis kelamin : Laki-laki
 Tempat/tanggal lahir : Kartosura, Sukoharjo, tahun 1927
 A g a m a : Islam
 Pekerjaan : Dalang/pengajar ASKI tidak tetap
 Pendidikan : Pasinaon Dalang Kartosura
 Bahasa yang dikuasai : Jawa dan Indonesia
 Alamat sekarang : Ngwindan, Kartosura, Sukoharjo
2. N a m a : Samsudjin Probohardjono
 Jenis kelamin : Laki-laki
 Tempat/tanggal lahir : Sala, tahun 1914
 A g a m a : Islam
 Pekerjaan : Dalang/Guru dalang H B S
 Pendidikan : Lulus Pasinaon Dalang Kasunanan
 Bahasa yang dikuasai : Jawa dan Indonesia
3. N a m a : M.Ng. Redisuto
 Jenis kelamin : Laki-laki
 Tempat/tanggal lahir : Sala, tahun 1923
 A g a m a : Islam
 Pekerjaan : Dalang Kraton Kasunanan
 Pendidikan : Lulus Pasinaon Dalang Kasunanan
 Bahasa yang dikuasai : Jawa dan Indonesia
 Alamat sekerang : Joyotakan, Serengan, Surakarta

4. N a m a : Catur Tulus
 Jenis kelamin : Laki-laki
 Tempat/tanggal lahir : Kartosura, tahun 1937
 A g a m a : Islam
 Pekerjaan : Dalang/Asisten pengajar ASKI Surakarta
 Pendidikan : Lulus pasinaon dalang
 Bahasa yang dikuasai : Jawa dan Indonesia
 Alamat sekarang : Kartosura, Sukoharjo
5. N a m a : M.L. Purwopangrawit
 Jenis kelamin : Laki-laki
 Tempat/tanggal lahir : Sukoharjo, tahun 1927
 A g a m a : Islam
 Pekerjaan : Pengrawit abdi dalem Kraton Surakarta
 Pendidikan :
 Bahasa yang dikuasai : Jawa dan Indonesia
 Alamat sekarang : Baki. Sukoharjo
6. N a m a : Pringgo Wiratmo
 Jenis kelamin : Laki-laki
 Tempat/tanggal lahir : Sukoharjo, tahun 1922
 A g a m a : Islam
 Pekerjaan : Dalang
 Pendidikan : Pasinaon dalang dari keluarga
 Bahasa yang dikuasai : Jawa
 Alamat sekarang : Weru, Sukoharjo
7. N a m a : Sabda Carita
 Jenis kelamin : Laki-laki
 Tempat/tanggal lahir : Sukoharjo, tahun 1930
 A g a m a : Islam
 Pekerjaan : Dalang
 Pendidikan : Belajar mendalang dari keluarga
 Bahasa yang dikuasai : Jawa
 Alamat sekarang : Gentan, Bendosari, Sukoharjo

8. N a m a : Sutarto
 Jenis kelamin : Laki-laki
 Tempat/tanggal lahir : Sukoharjo, tahun 1951
 A g a m a : Katholik
 Pekerjaan : Kepala desa Mentan
 Pendidikan : Sarjana Muda IKIP
 Bahasa yang dikuasai : Jawa dan Indonesia
 Alamat sekarang : Mentan, Bendosari, Sukoharjo
9. N a m a : Mitrasuhardjo
 Jenis kelamin : Laki-laki
 Tempat/tanggal lahir : Sukoharjo, tahun 1929
 A g a m a : Islam
 Pekerjaan : Pensiunan Pegawai STN Sukoharjo
 Pendidikan : Sekolah Dasar
 Bahasa yang dikuasai : Jawa, Indonesia
 Alamat sekarang : Kumbulan, Gentan, Bendosari, Sukoharjo
10. N a m a : Sunardi
 Jenis kelamin : Laki-laki
 Tempat/tanggal lahir : Mentan, Sukoharjo
 Agama : Islam
 Pekerjaan : Pegawai P U, Bekonang, Kab. Sukoharjo
 Pendidikan : Lulus STM
 Bahasa yang dikuasai : Jawa dan Indonesia
 Alamat sekarang : Mentan, Bendosari, Sukoharjo



-wid'86-

PERPUSTAKAAN ISI YOGYAKARTA		
No.	734	P6 80
Klas.	791.501 Poe p2	
Terima		

